ГумащІагъэм дыхуриджами...

2-нэ нап.

Зэпэщу ирихьэлІэжынущ

2-нэ нап.

«Махуэку»

5-нэ нап.

Гулъытэ къыхуащІу

4-нэ нап.

ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№83 (24.521) • 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

Япэ увыпІэхэр «Хабзэм» ейщ

4-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызиужьым топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Чайкэ Юрий.

АБЫ и зекІуэр къыщІидзащ «ВоенТекстильПром» дэрбзэр Іуэхущ Іапіэм и лэжьыгъэм зыщыгъэгъозэнымкІэ. Абы щагъэхьэзыр УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм, Урысейм и МЧС-м, нэгъуэщІ къулыкъущ Іапіэхэм я лэжьакІуэхэр зыхуэныкъуэ щыгъинхэр. Іуэхущ Іапіэм еубыд метр зэбгъуэзнатІэу мин 8-м щигъу щІыналъэ. Дэрбзэр цехыу 5 мэлажьэ: гъэунэхуныгъэр щрагъэкІуэкІ, дамыгъэр щытрадзэ, щыгъуныгр щабз, щагъэхьэзыр, щыхадыкІ. Іэнатіэр къызэгъэпэщащ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ.

«ВоенТекстильПром»-м и къудамэхэр къыщызэІуахащ Бахъсэн къалэмрэ Дзэлыкъуэкъуажэрэ. Фабрикэхэм щолажьэ республикэм щыпсэухэм ящыщу миным нэблагъэ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэм къыхигъэщащ Іуэхущ Іапіэм и лэжьыгъэр фІы дыдэу зэрызэтеублар.

Чайкэ Юрийрэ КІуэкІуэ Казбекрэ тепсэлъыхьащ щыналъэм и социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ зыужьыныгъэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэм хьэщІэр щигъэгъуэзащ мы иІэсым и яп мазихым экономикэ и лъэныкъуэкІэ зрагъэхъулІахэм. Къапщтэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ республикэ бюджетым езым иІэж хэхьуэр процент 14-кІэ нэхьыбэ хъуащ. Яп мазищым щІыхуэм я хэхьуэр процент 4,5-кІэ дэкІуеящ. Шыщхьэуі маззм щегъэжьауэ, 2021 - 2022 гъэхэми хуэдэу, бюджет Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэхэм процентри 10-кІэ хэхъуэнущ.

Нэгъабэ и яп мазихым елъытауэ лэжьапІэнэшэхэм я бжыгъэр процент 43-кІэ нэхъ мащІэщ - иджыпсту апхуэдэу республикэм щы-ти 5,5-рэ хъууэ аращ. Абы къыдэкІуэуи хьэрычэтыщІэ Іуэху мыиныжрэ курытымрэ хэтхэр, зи щхьэ хуэлэжьажэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу: япэм щІыхуэ 20647-рэ, етІуанэм 65139-рэ къыхэщІеубыдэ. А унэтІныгъэхэм щолажьэ республикэм щыпсэухэу мини 106-рэ.

«Щыхуэр лэжьапІэкІэ къыззгъэпэщын, я хэхъуэр нэхъыбэ хъун папщІэ УФ-м и Президентым и жэрдэмкІэ кьыхалъхьа лъэпкъ проектхэм кьалэн нэхъыщхьэр ягъэзащІэ», - кьыхигъэщащ Чайкэ Юрий. Ахэр зэрагъэзащІэмкІэ ди республикэм КИФЩІ-м и щІыналъэхэм я деж етІуанэ увыпІэр щиныгъщ. Лъэпкъ проектхэмкІэ щыналъэм ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр объект 270-м щокІуэкІ. Абыхэм ящыщу мы иІэсым хьэзыр хъунущ Іуэхущ Іапіэ 19: абы хохьэ школ 7, зы жэщ-махуэм кьриубыдэу щІыху 500 зэкІуэІэну поликлиникэ, пятиборьемкІэ спорт комплекс.

ЗэІуущІэм щытепсэлъыхьащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм зэрызыщІагъакъуэми. Апхуэдэхэм мазэ къэс, зэуэ ират ахъшэхэр и чэзум яІэрохьэ. Дзэ Іуэху хэхам хэтхэм гуманитар дэІепыкъуныгъэу тонн 300, техникэ Іэмэпсымэхэр хурагъэщащ, щІыпІэ нэхъ гугъуэхэм къыщызыкІухьыф машинэхэм хуэдэу 30 Іэрагъэхьащ. Донецк, Луганск щІыхубэ республикэхэм, Херсон областым щыпсэухэм дэІепыкъуныгъэу тонн 500 хуэутІыпщащ: япэ зыхуэныкъуэнкІэ хъуну хьэпшыпхэр, ерыскъы хэкІхэр, хадэхэкІ консервхэр, псы, кьабзагъэм зэрыкІэлъыплъын Іэмэпсымэхэр, щыгъынхэр, сабий щхьнхэр, нэгъуэщІхэр. «А Іуэхур япэ идгъэщхэм ящыщщ», - кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Егъэджэныгъэ

Зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ

Ди республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэр ящыщщ щІыналъэм, кьэралым нэхъыфІу зыщызыужьхэм, зэхъуэкІыныгъэфІхэр щекІуэкІхэм, Іуэху зехьэкІэщІэхэр зи тегъэщІапІэ мардэхэр къыщагъэсэбэпхэм. Іэнатіэм и унафэщІхэр, Іэщ Іагъэліхэр, егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ я еплъыкІэкІэ, лэжьэкІэкІэ езыхэри эздогуашэ, гъунэгъу щІыналъэхэмрэ къалэшхуэхэмри япыщІащ. Апхуэдэ мурадхэр иІэу ди щІыпІэм куэдрэ къыщыззрагъэпэщ щІыналъэпсо, къэралпсо зэІуущІэхэр.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ Іэнатіэхэм нэмыщІ, КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр шэщІауэ ядолажьэ а унэтІныгъэм гулъытэ щыхуэзыщІу ди къэралым щыІэ нэгъуэщІ Іуэхущ Іапіэхэми зэгухьэныгъэхэми. Апхуэдэу министерствэм иджыблагъэ къыщрагъэблэгъащ Санкт-Петербург кьалэм кьикІа Іэщ Іагъэлі гупышхэу. Ахэр Дунейпсо зэдзэлэжьэныгъэмкІэ Санкт-Петербург зэгухьэныгъэм и ІлыкІуэт.

КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзоррэ** КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлимрэ** яхуэзащ Іэхэм. Зэхуэсыр купщІафІэу екІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм кьэралым, республикэм адэкІи зыщегъэужьыным ехьэлІа Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Кьыхэдгъэщынщи, ди къэралым и ищхъэрэ щыхьэрым кьикІа Іэщ Іагъэліхэр ди Іыхьэм кьэкІащ, ди республикэм и хабзэубзыху Іэнатіэмрэ абырэ нэхъапэлуэкІэ зэраухьІа зэгурыІуэныгъэм тету. Гупым хэтщ Санкт-Петербург щылажьэ курыт школхэм, гимназиехэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыбжанэм я пашэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Балтикэ гуманитар институтым, Санкт-Петербург кьэрал архитектурэ-инуэныгъэ университетым, Урысей кьэрал гидрометеорологие университетым я ректорхэр, нэгъуэщІхэри.

Дунейпсо зэдзэлэжьэныгъэмкІэ Санкт-Петербург зэгухьэныгъэм и Правленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Фроловэ Екатеринэ** зэхуэсым кьыщыщыпсалъэм кьыхигъэщащ зи лІыкІуэ Іэнатіэр дуней псом пщІэ щызиІэхэм зэращыщыр.

- Хуабжьу ди гуапэщ щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ пщІэ щаІэ, гъэзгу щагъуэт ди щІыналъэм фыкъыззреблэгъар, - жиІащ хьэщІэ лъапІэхэм защыхуигъаззм министр Езауэ Анзор. - Ди зэдзлэжьэныгъэм и мурад нэхъыщхьэщ щІыналъэхэм ди зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэр адэкІи егъэфІэкІуэныр, лъэныкъуитІми дифІ, ди екъуІэныгъэ зыхэлъ, къызэрыкІыну лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфІэхьныр.

Министрым зэрыжиІамкІэ, ди республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэр и гуапэу ядэлэжьэнущ Санкт-Петербург дэт курыт школхэм, гимназиехэмрэ лицейхэмрэ. Абы щапхъэу хьэщІэхэм яхуигъэлъэгъуащ Налшык кьалэм и курыт еджапІэхэм ящыщу «ДыгъафІэ кьалэ» Творчествэмкіэ сабий академием кьепхауэ лажьэ Ныбжьыщ Іэ зэчиифІэхэм я лицейр. А Іуэхущ Іапіэр я тегъэщ Іапіэу зэдзлэжьэнущ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ Санкт-Петербург щылажьэ курыт еджапІэхэм ящыщхэмрэ, я Іуэху зекъэкІэ пэрытхэмкІэ, егъэджэныгъэм кьыщагъэсэбэп методикэ пашэхэмкІэ, технологие зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэдзэгуашэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмкІэ зочэнджэщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий дыгъуасэ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм зэІуущІэ щиригъэкІащ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, абы и яп кІуэдзэ **Говоров Сергей**, «ВоенТекстильПром» ООО-м и кІыззгъэпэщакІуэ **Аталыкъ Асльэн**, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и ректор **Беспалов Дмитрий**, КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**, нэгъуэщІхэри.

ЗэІуущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм дзэм кьыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр къыщыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэм зыхуэдэм, щыІэ гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкІыпІэу ялъагъуэмрэ, апхуэдэ промышленнэ Іэнатіэхэм щылажьэнухэр зэрагъэхьэзырым.

ЗэІуущІэр къыщызэІуихым, **Чайкэ Юрий** жиІащ: «Мыпхуэдэ зэхуэсхэр щедгъэкІуэкІащ Ставрополь щІыналъэмрэ Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэмрэ. Мы Іуэхум телажьэхэр зыІууэ гугъуехьхэм щыщ гуэрхэр зэхэдгъэкІыну дыхунэсащ, адрейхэм щыхоплъэ УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ, Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэхэм, - кьыхигъэщащ хьэщІэм. - Шэч хэмылъу, ди кьэралым къытралъхьа санкцэхэм я зэран зыпхъэІэсахэм ящыщщ дзэм кьыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр къыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапіэхэри. Псом хуэмыдэу а гугъуехьхэр зэпхар къаГъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ зыхуеину Іэмэпсымэхэмрэ я уасэм зэрыхухагъэхъуарщ, ахэр кьаІэрыхьэным гугъуехь зэрыпылъырщ, апхуэдэуи хамэ къэралхэм ирагъашэм и бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуарщ. НэгъуэщІ зы лъэныкъуэщ Іэщ Іагъэліхэр ирикъуу зэрыщымыІэр, Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэну Іэмал зэрамыІэр. Абы щыгъуэми къыхэзгъэщыну сыхуейт фи республикэм и Іуэхущ Іапіэ зыбжанэм къыщыщІагъэкІхэм я бжыгъэмкІэ екъуІэныгъэфІхэр иужьрей зэманым къызэрагъэлъэгъуар. Щэкі къыщыщІагъэкІ зы Іуэхущ Іапіэ нобэ дыщыІати, абы и лэжьыгъэр зэрызэтехуэр сымыгъэщІагъуэу къэнакъым. Іэщ Іагъэліхэр кьрашалІэ, ціыхухэм лэжьыгъэ ягъуэт, ику ит я улахуэр мащІэкъым. Апхуэдэу зи кьалэнхэм жэуапльныгъэ хэлъу бгъэдыхьэхэр щыплъагъуэкІ, ахэр бгъэгушхуэну, дэІепыкъуэгъу уахуэхьуну ухуейщ. Ар, шэч хэмылъу, я фІыгъэу къызэлъытэ республикэ унафэщІхэр, КЪБР-м и Іэтащхьэр я пашэу, промышленнэ Іуэхущ Іапіэхэм зэрадэлажьэм, гулъытэ зэрыхуащІым. Дауи, щыІэщ дызэлэжьыпхъэ Іуэхухэри, абыхэмкІэ дэІепыкъуэгъу дыфхуэхъуну дихьхьэзырщ».

Чайкэ Юрий жиІащ 2023 гъэм нэкъыгъэм и 29-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Унафэ №390-м тету, полномочнэ лІыкІуэу федеральнэ щІыналъэхэм щыІэхэр зэрыхагъэхьар дзэ-промышленнэ комиссэм. Полномочнэ лІыкІуэм къызэрыкІугъэщамкІэ, абы Іэмал кьарет гугъуехь нэхъыщхьэхэм я гугъу утыку инхэм щащІыну. КьищынэмыщІауэ, абы къызэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм жэщ-махуэ имыІэу зэрыщылажьэр дзэм кьыщагъэсэбэпхэр къыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапіэхэр зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэзыгъэпэщ щтабыр.

«Си фІэщ мэхъу, зэгъуэсу дыззадэлажьэмэ, иджыпсту дызыхэт лъэпощхьэпохэр къызэрызэдэнкІыфынур», - дыщІигъащ лІыкІуэм.

КІуэкІуэ Казбек абы фІыщІэ хуищІащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт и лъэныкъуэкІи и нэІэ къызэрытригъэтым папщІэ.

- Социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ куэдым я хэкІыпІэхэр къэгъэтыным ехьэлІауэ сыт щыгъуи гулъытэ къытхувощІри, ди гуапэщ. Псалъэм папщІэ, Онкологие центрым и ухуэныгъэ тхунэмыгъэсыр зэредгъэжьэжар сыт и уасэ, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм. - Апхуэдэуи нобэ къэтІэта Іуэхум теухуауэ дызэпсэльэну Іэмал дызэрІэм щхьэкІи фІыщІэ пхузощІ. Щэч хэмылъу, промышленностым зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьныгъэм, экономикэм дежкІэ икъукІэ куэд зэлъытэ Іэнатіэщ ар. Мы зэманым куэдкІэ узыщІигъэгугъуу республикэм зы Іуэху ин къыщыпІэтащ, зи гугъу сщІыр вольфрамрэ молибденрэ къыщІэхьыным иужь дызэрихьэжырщ. Ауэ абдеж нэрылъагъу щытщыхъуащ зэфІэкІ зиІэ, Іуэхум хуэгъэхьэзыра Іэщ Іагъэліхэр дызэрыримыкъур. Сыщогугъ нобэрей ди зэІуущІэм абы и хэкІыпІэри къыщыдгъуэтыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЦІыхухэр иригъэблэгъащ

АДЫГЕЙ. **Урысейм и Президентым пщэрылъ къызэрыщищІам ипкъ иткІэ республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурат цІыхухэр иригъэблэгъащ.**

ІЭТАЩХЬЭМ зыкъыхуагъэзат Щоджэн, Мейкъуапэ районхэм щыпсэухэм. Ахэр абы и деж кІуат я щхьэ, жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэмкіэ. ЗыщІэлъэІухэм ящыщт Дахэ станицэм и сквер кьэгъэщІэрэщІэнымрэ сабийхэм я нэгуэныжьыпІэ абдеж къыщыззрагъэпэщынымрэ. Ар хуащІэну кьагъэгугъащ.

Сквер ирагъэфІэкІуэнущ «Къуажэ щІыналъэхэм зегъэужьын» къэрал программэм и хьэкъкІэ, лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІынущ дызэрыт ильэсым и кІэм. �щІыпІэм щагъэуфэ къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр, псы яшащ. Апхуэдэуи мыбдеж щахуэхунущ футбол щыджэгуну губгъуэ цІыкІу, лъэс зекІуапІэхэр, машинэ гъэуныпІэхэр.

Къумпіыл Мурат кьалэну игъэуващ районым зегъэужьыным лъэныкъуэ псори зэпэлъытауэ бгъэдыхьэну, къэрал программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ кьат Іэмалхэр кууу къагъэсэбэпыну. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ бын куэд щапІ унагъуэ хуэмыщІахэм газ хущІашэнымкІэ зэрадэІэпыкъуну щыкІэм.

- Дэ цІыхухэм дапыщІауэ долажьэ. Ар щІэгъэкъуэн кьытхуохъу хуэныкъуэхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу дадэІэпыкъуным и мызакъуэу, адрей псоми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм зэфІэтхынымкІэ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхухэр тщІыгъуу япэу зэлэжьыпхъэ кьалэнхэр убзыхунми. Къапщтэмэ, мы гъэм линэ занщІэм иужькІэ, цІыхухэм сахуэзащ икІи Чернышев хутоурым щыпсэухэр зыщІэлъэІуахэр зэрагъэзащІэм ткІийуэ сыкІэлъоплъ. Мыбы жылэр кьэгъэщІэрэщІэнымкІэ куэд щызэфІагъэкІащ, школыр зэрагъэпэщыж, спорт утыку ящІынми мылъку хухэтхащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр район псоми щрагъэкІуэкІын хуейщ, - кьыхигъэбелджылыкІащ КъумпІыл Мурат.

Адыгейм и Іэтащхьэр цІыхухэм щахуэзам кьаІэта Іуэху псоми егъэщІылІауэ игъэуващ ахэр щагъэззэщІэну пІалъэхэр.

МафІэсгъэункІыфІхэм я щІыхькІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск и Просторнэ уэрамым дяпэкІэ зэрихьэнущ МафІэсгъэункІыфІ ЛІыхъужьхэм я цІэр. Апхуэдэ унафэ кьащтащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪШР-м щыІэм и унафэщІым республикэм и щыхьэрым и администрацэм зыхуигъэза иужь.**

УЭРАМЫМ тетщ Черкесск и мафІэсгъэункІыфІ-кьегъэлакІуэ часть №2-р, апхуэдэуи гъэунэхуныгъэхэр щрагъэкІуэкІ лабораторэр. Управленэм и унафэщІ Голоколенкэ Александр къызэрыхигъащащи, щІыналъэм и мафІэсгъэункІыфІ Іэнатіэм и тхыдэм куэду кьыхоущ цІыхухэр кьегъэлыным лІыхъужьныгъэрэ хахуагъэрэ кьыщыщызыгъэлъэгъуахэр.

- АбыкІэ дэ догъэлъапІэ ди щІыналъэм мафІэсгъэункІыфІ Іэнатіэр кьыщызззыгъэпэщахэм икІи щызэтезыухуахэм я пщІэр, апхуэдэуи щытщ а кьалэныр щІыхь пылъу мы зэманым езыхьэкІхэм яхуэтщІ фІыщІэр кьэзыгъэлъагъуэу, - жиІащ Голоколенкэ Александр.

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск и Просторнэ уэрамым дяпэкІэ зэрихьэнущ МафІэсгъэункІыфІ ЛІыхъужьхэм я цІэр зэрамым зэрыбІащам нобэ къалэным пэрыт лэжьакІуэхэми, Іэнатіэм и и ветеранхэми хуэдэу, абыхэм я унагъуэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ я дежкІи мыхьэнэ иІэу зэрыщытыр.**

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мамбергер Константин Константин и къуэм и полномочиехэр и пIалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм Iэ1эткIэ щыхах властыр зэрыщыIэтрахуэр псори кьыз эщIиуфыбзу зытет хабзэхэм я Iуэхуки Iэ» Федеральнэ законым и 19-нэ статьям и 21-нэ Iыхьэм и 2-нэ пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мамбергер Константин Константин и къуэм, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и цIэкIэ зыуэ щыт республикэ хэхьапIэ округым щыхахам, и полномочиехэр и пIалъэр къэмысу, 2023 гъэм мэкъуаущэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ, ихуахуэ зыльытэн.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№720-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2023 гъэм и IапэмазищыбгъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётым хэпIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къелъытэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр *(адэкIэ къызэрыкIуэнур республикэ бюджетыщ)* 2023 гъэм и Iапэ мазищым гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётым хэпIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къелъытэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIа финансэ дэIэпыкIуныIэр хэмыту республикэ бюджетым езым и хэхъуэхэмкIэ планкIэ телъа кьаэнкэр сом мелуан 3482,5-кIэ е процент 23,3-кIэ игъэзэщIауэ, я зэхуэдэ хэхъуэхэмкIэ сом мелуан 14974,7-рэ е процент 25,7-рэ хъуауэ. Республикэ бюджетым зэщIхэмкIэ и Iыхьэр сом мелуан 12367,7-рэ е планкIэ зэрыщытым хуейм и процент 19,9-рэ зригъэгъуэтащ, и кьуажэм егъэджакIуэу щылэжьащ.

Хьэмид гъащIэфI кьигъэщIащ – ар псэуащ илъэс 90-м щыхьэдхьых. Абы щыщу и зэхуэдитым нэбгырабгъэ щихьащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкIэ и редакцэм, мэкъумэшым теухуа нэтынхэр игъэхьэзыру.

Си насып кьихьу сызыдалэжьа нэхъыжьыфIхэм ящыщ зыщ Хьэмид. Зэи слъэгъуакъым ар кьэгубжьауэ, хьущIэу, зыгуэрым хуэшхыдыр е тхьэуасыхэу. ЦIыху кьыззрыгэкIт, нэщхъыфIэт, хьэрэмагъ е фэрыщIагъ дэпIалъэнутэкъым. И нэтынхэри апхуэдэт – бзэ IэфкIэ тхат, цIыху зытепсэльыхьхэм яхужиIэр гуапагъэт.

Дыкъынэр фIы дыдэу кьыщащIыхурт ди адыгэ кьуажэхэм. КьыщащIыхунтэкъэ - ар еш зымыщIэу ди адыгэ жылагъуэхэр кьызэхэзыкIухь журналист. Колхоз губгъуэ ихьами, фермэ техьами, кьущхьэхъу хьупIэ дэкIами, лэжьакIэу кьызэрыгуэкIхэм я Iуэху зытетыр гунэсу зригъащIэрт, пщIэрэ щытхъурэ зыхуэфащэхэр гулъытэншэу кьигъанэртэкъым.

Пенсэм кIуэуэ тIысыжа нэужь, Хьэмид куэдрэ щагъэсакъым – елъэIуащ, ныдалыжри, илъэс зыбжанэкIэ радиом щылэжьащ игъэхъэзыгъэ ар – кIэщIу, гъэхуауэ, гурыIуэгъуэ псалъэухэр зэрыухэн хуеймкIэ и лэжьагъэ зэхъыщIэхэм щапхъэ яригъэпытауэ.

ЗэрыщIыхуфIыр, зэрыщагъэр и нэгум кьрихьырт, нэхъыщIэхэм чэнджэщ щхьэпэ жэхэм. КьыщащIыхунтэкъэ - ар еш зымыщIэу ди адыгэ жылагъуэхэр кьызэхэзыкIухь журналист. Колхоз губгъуэ ихьами, фермэ техьами, кьущхьэхъу хьупIэ дэкIами, лэжьакIэу кьызэрыгуэкIхэм я Iуэху зытетыр гунэсу зригъащIэрт, пщIэрэ щытхъурэ зыхуэфащэхэр гулъытэншэу кьигъанэртэкъым.

Пенсэм кIуэуэ тIысыжа нэужь, Хьэмид куэдрэ щагъэсакъым – елъэIуащ, ныдалыжри, илъэс зыбжанэкIэ радиом щылэжьащ игъэхъэзыгъэ ар – кIэщIу, гъэхуауэ, гурыIуэгъуэ псалъэухэр зэрыухэн хуейм к

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

«Дыгъужь шэфталыр» щхъухьтэкъым

● Гъэщіэгъуэнщ



США-м и президентхэр яукІыну куэдрэ хэтащ. Къащхъуліаи щыІащ, ауэ а Іуэхур щыізэблэуэри нэхъыбэжщ. Япэу апхуэдэ «щІыхьыр» зыльгаГэсэри Америкэм и Штат Зэгуэтхэр кьызэзыгъэпэща икІи абыхэм я япэ президент хъуа Вашингтон Джорджщ. Ар дунейм ирагъэхьажьи мурадым кьыхуагъэсэбэпауэ щытащ... помидор кьызэрыгуэкІхэр. Хьэуэ, хьэуэ, щхьухь гуэри Іуэхум хэлъакъым. Мис ар гъэщІэгъуэнщ.

ЕЗЫМ теухуауэ. Вашингтон Джордж 1732 гъэм мазаем и 22-м Бридж-Киркс кьалэ цІыкІум щыщ мэкъумэщыщІэ унагъуэ мыкъуелйм кьыщалъхуащ. ЩІэныгъэфІ игъуэтаг, ауэ и адэр пасэу щыІэм щы къэзыпщу (илъэсищэм щІигъу дэкІа иужь президент хъуа Линкольн Авраам и щІалэгъуэм кьызэрыщІидзам хуэдэу) лэжьыгъэм пэрыхьащ Джордж. 1752 гъэм дзэм хьхьэри, илъэси 6-кІэ франджыхэмрэ индейкэмрэ езгуэщ. Полковникыу абы кьыхэкІыкри, Маунт-Вернон щиІэ щІапІэм игъэзэжащ.

1758 гъэм Вашингтон хахащ а зэманым Британием и колониеу щыта Вирджиние щІыналъэм и хабзэгъэув зэхуэсым, занщІэуи щІидзащ абы и бжьым кьыщІэкІынымкІэ хуэгъэза бэнэныгъэм. Мамыр Іэмалхэмкіэ ар кьащемыхьулІэм, лъэныкъуэхэр кьаруихэ зэпэщІэуващ. Джордж Континентыдзэм и унафэщІым и кьалэнхэр игъэзэжащ, инджылызхэр 1781 гъэм икІуэтыжыху.

Париж мамыр зэгурыІуэныгъэ щызэращІылІа иужь Вашингтон игъэзэжащ и щІалІэм. Арщхьэкіэ 1787 гъэм арэзы хъуащ Конституцэ конвентым и Іэтащхьэу увыну. А илъэс дыдэм яГэхьхьэзыращ къэралым и Хабзэ нэхъыщхьэр. Зэрыгурыіуэгъэущи, 1789 гъэм Штат Зэгуэтхэм я япэ президент кьулыкъур зыхуагъэфэщар Вашингтон Джорджщ. Илъэси 3 дэкІри, а кьулыкъум щІэрыщІэу хахьжащ. Кьыпхуэмылъытэн хуэдизу иІэ фЫщІэхэм кьыхэкІы США-м и конгрессым ар кьыпльытащ Хэкум и Адэр. Арщхьэкіэ Вашингтон тКІийуэ жиІащ ещанэу президент кьулыкъым зэрызыхримыгъэхьыжынур, политикэм кьыхэкІыжри, аргуэру и щІапІэм иІуэжащ. Аращ кьызыхэкІари иджыри къэс США-м президент кьулыкъым тІэу нэхърэ нэхъыбэрэ зыри щыхамыхыным и хабзэр (абыебэкъуэфар Рузвельт Авраам и закъуэщ). 1789 гъэм дыгъэбазэм и 13-м щыІэ хьхьэри, махуитІ фІэкІа мысымаджэу ліащ Джордж иКІи пщІэшхуэ хуащІу Маунт-Вернон щыщІалъхьащ. Ауэ, зэрыжьтІащи, ар дунейм ирагъэхьжыну хэтащ куэдкІэ ипэкІэ. Ар къэйхъулІамэ, мы цІыхум президентыгъи илъагъунтэкъым икІи, дауи, щІыхь зыпылъ апхуэдэ лъэужьи кьиГэнэнутэкъым.

... 1776 гъэм и гъэмахуэм сэкІэ зиукІыжащ Вашингтон и пщафІэу щыта Бейли Джеймс. Зэ ешІыгъуэкІэ абы иІэтэкъым гъащІэм щІыпыкІынхэ хуей: и къару илъыгъуэт, и Іэзагъкіэ цІэрыІуэ хъуат, я щІыІужкІэ фызыкъэмышэти, унагъуэ гукъуэу хэттэкъым.

Зэманышхуэ дэкІакъым абы и щхьэусыгъуэр кьызэращІэрэ. Щыблэм кьридзэ мафІэм иса жыгеижьым и кум кьрахащ Бейли Британием Америкэм кьиГэкІуа зауэлІхэм я Іэтащхьэ генерал Холл Уильям хуитха тхыгъэр зэрылъ къэнжал пхъантэ щІыкІур. Ар зыхуагъэхьам Іэрыльхатэкъым. Бейли Инджылызым и пащтыхь ГеоргЕщанэм и шпиону кьыщІэкІат иКІи абы пщэрылъ щащІат Вашингтон игъэлІэну.

Тхыгъэм итт: «Генерал Вашингтон щышхэкІэ гъусэ иІэну фІэфІкІым. Махуэ зыбжанэ хъуауэ сымаджэщ, мапсчэ, шхыным и Іэфы Іыгъэр зэримыщІэжьыкІи мэтхьэусыхэ. Ар къэзгъэсэбэпри, сэ генералым хуэзгъэхьэзыра ерыскъым хэслъхьащ, «дыгъужь шэфтал» упщІэтахэр, дэ белладоннэ жыхуэтІэхэр. Сыхьэт зыбжанэ зэрыдэкІыу генералыр кьыІэзыхьэнурэ лІэнчэ. Гъэу, гугъу дыдэ ехьу. Сэ си къалэныр зэгъэззщІащ иКІи си иужьрей Іуэхум сыхуэкІуэ хъунущ. Сэ сыхуейкъым Вашингтон и цІыхуэм ялъ щащІэжьыну зэман шынагъуэр къэсыным сыпэлъэну. Япэ зыкъизэгъэщрэ си псэр ешІэм хэсхьжмэ нэхъыфІщ...»

БзаджащІэм зыми щымыщу зиукІыжат: абы Вашингтон и щэджагъуашхэм хилъхьар... помидор кьызэрыгуэкІхэт, арат США-м «дыгъужь шэфтал» зыщыфІащар. А хадэхэкІыр пшхыныр дзыхьщІыгъуэджу кьалъытэу щытащ языныкъуэхэм. Европэм 1519 гъэм ар зышар испан хьдзэлІ Кортес Эрнанщ. Урымхэм занщІэу яшхыу щІадзами, Инджылызми хуэдэу, кьэрал зыбжанэм щызыІуалъхьэу щытакъым. США-м ар щрагъэщхьуат Америкэ Ищхэм кьыщыкІ белладоннэ щхъухьзехьэ къэкІыгъэм.

1820 гъэрщ дзэм кьыхэкІыжа полковник Джонсон Роберт помидорыр зэрымыщхъухьыр сэтей кьыщищІар. Дзыхь зымыщІэхэм я пащхьэм абы помидорипщІ хуэдизу зэуэ щиишащ. ИтІанэщ а къэкІыгъэм гъуэгу щигъуэтар.

Мыри гъэщІэгъэнщ. Нэхъ кІасэжщ адыгэхэми помидорыр шхын щыщІадзар. Хэбгъэзэхьмэ, Хэку зауэшхуэм ипэкІэ ди деж помидор уэзыщрихьэлІэр бззэрыт, хадэхэм щащІэртэкъым. Иджы ди Іэнэхэм текІыркъым икІи тфІэфщ.

Хэт хъуну Троцкэр?

**Абы и цІэр СССР-м пІалъэ кІыхькІэ щыжаІэну хуитакъым. Хэбгъэзэхьмэ, «троцкист» зыфІащар мыбы щаукІыр е Ищхъэрэ Гъунэм яхурти, щагъаліэрт. Апхуэдэ дамыгъэ жагъуэ трагъауэрт «цІыхубэм я бийуэ» чекистхэм «сэтей» кьащІа псоми. Абы щыгъуэми, ягъэтІысэ куэдыр а цІыхум пэжыжьэт я ІуэхущІафэхэмкІи, гупсысыкІэкІи, зыхуищІэжьу мурадхэмкІи. Нэхъыжьхэм яІуэтэжу зэхэсхащ зы къуажэ гуэрым жылэр тІууэ зэпызыупщІ псым тралъхьа лъэмыжьыр щытрахауэ щытауэ. И щхьэусыгъуэри ар езыгъэщІа бригадирыр а жьыхуэтІэмкІэ ягъэкъуаншэу зэрагъэтІысарт. Иджы гъэщІэгъуэнщ: «Дэ «троцкист» лъэмыж» дикІыну дыхуейкъым» жаІэри, къуэват. АтІэ сыт? Илъэс Іэджэкіэ а псым лъэсу зэпрыкІын хуей хъуащ хьэІупс ящІа лъэмыжыр яхутемылъхьэжу... Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжт.

АРЩХЬЭКІЭ ипэІуэкІэ Троцкэм и сурэтыр езы Лениныи ейм бгъурыту совет, парт унафэщІхэм я кьулыкъущІапІэхэм я блынхэм фІадзэрт. Инт и фІэлыкІыр. Сытыт атІэ къэхъуар? Щхьэ хэкІуэдзыкІа къэралыщІэм и тхыдэм?

... ИужькІэ Троцкий Леву кьыщІидзыжа Бронштейн Лейбэ 1879 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м (щІэмкІэ щэкІуэгъуэм и 7-м), хьэлэмэтращи, езыр зи узэщІакІуэу ува Октябрь социалист революцэ иным и махуэм, Херсон губернэм кьыщалъхуащ. И бий еру Сталин Иосиф дунейм кьыщытехьа илъэс дыдэм, ауэ зы мазэрэ ныскъэкІэ нэхъ пасэу. Таурэтыр япэ щрагъэщ журт школыр къиухащ, арщхьэкІэ диным дихьэхахьам. НыбжьыщІэ гурыхуэр зыхуэпабгъэр щІэныгъэрт. Ар белджылы къэхъуащ 1888 гъэм Одессэ и реальнэ училищэм щІагъэтІысхьа иужь: Лейбэ еджэнкІэ кьытекІуэ и ныбжьэгъуэм яхэтакъым. Абы кьыхэкІыу тІэкІу зыкъыфІэщІыжауэ, нэхъ зигъэпагэу яхэтт. А хьэлэр абы зыхинакъым псэуху. Ар, уеблэмэ Ленин Владимир кьыщигъэлъэгуэщу щытащ 1922 гъэм «Съездым хуитха письмом».

ЕджапІэм Броштейн щыдашэхащ, щхьэтечу жьпІэмэ, щызэщІаубыдащ революцэ гупсысэхэм. УщІэмыупщІэнкІэ Іэмал иІэкъым: сыт щхьэкІэ? Езыр унагъуэ къулейм кьыхэкІат, и адэ Давид гъащІэм хэзагъэрт. Ауэ абы жауап ептын папщІэ пщІэн хуейщ епщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и кІэухым Урысейм щыщІа цІыкІэр. Адрей къэралхэми хуэдэу, мы империеми журтхэр щыдакъузэрт. Псом хуэмыдэу Іэпхъуэшапхъуэныр зымыдэ хабзэр щагъэзуэ иужь. Абыхэм лъэпощхьэпо Іэджэ хуагъэувырт. Псалъэм и хьэтыркІэ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІагъэтІысхьэ студентхэм журту яхэтыр проценти 3-м щІигъу хъунутэкъым. КІэщІу жьпІэмэ, щІэмыарэзыр гъунэжт. Арат журт щІалэгъуалэр террорист зэгухьэныгъэхэми революцэ зэщІэхъеенныгъэми щІыхьыхьэр. Бронштейн хьэлэІуат. Ар зехуат Ипщэурыс рабочэ зэгухьэныгъэр кьызэзыгъэпэщахэм. Мыгувэу полицэ щхъум игъэтІысащ, адрейхэм я гъусэу. ИльэситІ Одессэ и лъэхъуэщым щигъэкІуащ, ижькІэ Иркутск губернэм яхури, илъэси 4-кІэ щыІащ. Мыбы щІалэм политикэ щІэныгъэ езыр-езыру щызыригъэзэуэтащ, журналистикэм зыщыратащ, тезыр зытралъхьа революционер зыкъом щызыригъэщІыхуащ.

Урысейм и кьалэхэм кьызыщынэха социал-демократие зэгухьэныгъэхэр кьыдэпэлыкъуи, 1902 гъэм Сыбырым щыкІуэсыкІыжащ. Ауанар зыфІэфІ абы и паспорт нэпщІым иритхащ Одессэ и лъэхъуэщым щисым зи нэІэ щІэта тутнакъэщ Троцкий Лев.

1902 гъэм Бенэкіэ кІуэцІрыкІри, Лондон нэсащ. Мыбы щыхуэзащ Ленин Владимирэ абы и щхьэгъусэ Крупская Надеждэрэ. Пролетариатым и вождь хъунум и мурадащ щІалэр езым и дэІуэгъу ищІу, «Искра» газетыр къыдигъэкІыныжмкІэ здигъэІэпыкъуну. А зэманым и гупсысэхэр щІэхпамыгъэкІ куэдрэ къэхъурт. Ауэ ар редколлегием хагъэхьэу идакъым япэ урыс марксист Плеханов Георгий.

Езы Троцкэри хуейтэкъым зыгуэрым и жьыІэм щІэтыну, ар абы есатэкъым. Уеблэмэ 1907 гъэм жиІауэ щытащ: «Сэ сыхуейщ сытми теухуауэ си Іуэху еплъыкІэ езым сиІэжьну, абыкІэ сыхуитри зыкъызольытэж, а хуитыныгъэри зыми сІикъыфрыныкъым». ИужькІэ Лениныр абырэ куэдрэ зэжьэхэуащ, япэ дыдэу 1903 гъэм Урысейм и Социал-демократ рабочэ партым и ІІ съездыр щекІуэкІым. ИужькІэ я Іуэху еплъыкІэхэр зэм зэтехуэрт, зэми зэщхьэщыкІырт. ТІури псэльэн щхьэкІэ я жьыІ иІэбанутэкъым. Лениным Троцкэм фІищат «фейцей Балалайкин», «Иудушка», нэгъуэщІ ауанывщІ псальэхэр, Троцкэр языныкъуэхэм деж Лениным «уэчыл мыхьэнэншхІэ» «Максимилиан Ленинкіэ» кьеджэрт, Франджы революцэ иным и унафэщІхэм я нэхъ тКІийуэ щыта Робеспьер Максимилиан иригъэщхьу. Ауэ, итІани, я щІыб зэхуагъэзэртэкъым. Ар Іупщу белджылы хъуащ большевикэм Октябрь революцэр щагъэхьэзырми, щрагъэкІуэкІми, иужькІи.

Джугашвили Иосиф Сталин абы и бий нэхъыщхьэ щыхъуар а унэцІэр щІэту 1912 гъэм «Марксизмэмрэ лъэпкъ Іуэхумрэ» тхыгъэр кьытрыригъэдза иужькІэ кьыщІэкІынущ. Сыбырым икІуэсыкІыжу Швейцарием кьыщыхута иужь игъэхьэзыра а тхыгъэр Лениным хуабжьу игу иритат икІи и жагъуэ хуэат Урысейм щигъэзэжам аргуэру жандармхэм зэрапэщІэхэуру.

Мазае революцэр 1917 гъэм текІуа иужь Гъатхэпэм Сталиныр Сыбырым, мэлыжьыхьым Лениныр Швейцарием, накъыгъэм Троцкэр США-м кьиКІыжащ. Троцкэр фокІадз. Мазэм Петросоветым и унафэщІу хах. ИКІи занщІэу жьІэн хуейщ жэпуэгъуэм Урысейм кьыщыхъуахэр абы иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм куэдкІэ и Іэужьу зэрыщытар. Арат «Октябрь революцэм и автору» кьыщІалъытари. Къэзылъытари хэт? Сталинырщ! Властыр зэрытрадзэр зы илъэс щрикъу махуэм ирихьэлІэу 1918 гъэм абы итхат: «Властыр зэтхъуэкІыным дытезыгъэгушхуар ныбжьэгъу Лениныр зи пашэ партым и ЦК-рщ. Лениныр Петроград щэхуу щыпсэурт. Жэпуэгъуэм и 24-м ар Смольнэм ираджащ, зэщІэхъеенныгъэр и унафэм щІигъэувэн папщІэ. Абы зыхуэгъэхьэзырным теухуа лэжьыгъэ псори зыунэтІар Петроград Советым и Іэтащхьэ ныбжьэгъу Троцкэрщ. Щэч гуэри кьытумыхьэу жьпІэ хъунущ гарнизоныр Советым псынщІэу и телъхъэ зэрыхъуар ныбжьэгъу Троцкэм и закъуэ и фІыщІэу».

А псалъэхэр щитха зэманым а тІур мызэ-мытІэу зэжьэхэуэну хунэсат. Троцкэм бжьыпэр нэхъ иубыдырт. Сталиным кьилъытэрт кьызэрагъэпэщ Дзэ Плъыжьым пащтыхь офицерхэр хэгъэхьэн хуэмейуэ, абыхэм дзыхь яхуищІыртэкъыми. Ауэ Троцкэм кьиГэувырт зи Іэзагъыкіэ сэбэп хъуну апхуэдэхэр кьыхэшэн хуейуэ. Иужьрейр текІуащ: зэфІагъэува Дзэ Плъыжьым и унафэщІ курытхэм я процент 43-м нэсыр империем кьулыкъу хуэзыщІа офицерхэу кьыщІидзащ. Апхуэдэ Іэджи щыІащ, ауэ нэхъыбэу щІызэныкъэкъур Лениным кьыкІэлъыкІуэу властым етІуанэ увыпІэр щаубыдынырт. Вождыр ліа иужь, а тІум я кум дэлъ бэнэныгъэр гуащІэ хъуащ. Иджы аэр лІэн-кьэнэну зыхущІэкъур вождыгъэр зыІэрагъэхьэнырт. ГурыІуэгъуэт мыщІтІыр зы гуэм зэримыізэгъэнур: тІум ягъэр текІуэтын хуейт. Мыбдеж нэхъ лъэщу кьыщыщІэкІащ Сталиныр. Нэхъапэм Троцкэм и телъхъэу щыта Зиновьевымрэ Каменевымрэ езым и Іуэныкъуэ кьыщІри, Сталиным 1925 гъэм Троцкэм дзэм и унафэщІым и кьулыкъур щхьэщихащ, 1926 гъэм ВКП (б)-м и ЦК-м и Политбюром хигъэкІащ, 1929 гъэм къэралыр ибгынэн хуей хъуащ: ар япэщІыкІэ Тыркум, иужькІэ Мексикэ жьыжьэм кьыщыхутащ. Ауэрэ Бухарินыр здигъэІэпыкъури, и бий хъужа Зиновьевымрэ Каменевымрэ Іуикащ, итІанэ и чэзыр къэсащ Бухаринми. Сталиныр и закъуэ кьэнащ...

Арщхьэкіэ Леви, и цІэм зэрыхуэфащэу, ацлъэныгуу кьыщІэкІащ: ар щыуныІакъым хамэ щыпІэм. СССР-м и вождыщІэм игъэуэу кьеПІэстхъэрт, тхылъхэр зыр зым кІэлъыкІуэу кьыдигъэкІырт, езым и акъылэгъу щыхуэхэм я зэгухьэныгъэкэр къэралхэм кьыщыззригъэпэщырт. Ар кІуэ пэтми нэхъ шынагъуэ хъурт. Сталиным ар куэдрэ ишэчащ, ауэ «ЯгъэкІуэда революцэ» тхылъыр къыдэкІа иужь къыщиудащ...

1940 гъэм шыщхьэуІум и 20-м лъэпкъкІэ испан икІи НКВД-м и агент Меркадер Рамон мыл зэракъутэ уадэшхуэкІэ ещІ «Сталин» тхылъым елэжьу бгъэдзэ Троцкий Лев и щхьэм. Сталиным и бий кьарухэм я унэтІакІуэр етІуанэ махуэм ліащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ ар хъуащ нимытхъэ тхылъым и лІыхъужь нэхъыщхьэм иукІыжа цІыху. ЖьытІэнщ, а тхылъым гуэрыдзэ зыщІа Троцкэм Сталиныр мыкъэнэншэу кьыщигъэльагъэрт: «гунэфу», «акъыл жьажьэу», «псэлъэкІэ имыщІэу», н.кь. Ар апхуэдэу зэрыщымытар гурыІуэгъэщ хэт и дежкІи.

... Сыту пІэрт, Троцкэр текІуамэ, СССР-м кьыпэплъэнуру? ЗыкІи нэхъыфІтэкъым. Властышхуэ щыІэщІэлъа пІалъэ кІэщІым абы зыкъигъэльэгъуащ егъэлеиуэ гущІэгъуншэу. Зы щапхъэ закъуэ: зэгуэр шынэу къикІуэта полкым тезыру трильхьат абы хэт дэтхэнэ... епщІанэри яукІыну. НэгъэщІ дымыльэныкъуэм хуэну ди гугъэщ. ЗыщІэхъуэпсар дзэм и бжьым щІэту щІыхуэр щагъэщІыкІ къэрал эзгрицуэрщ. Зыкіи нэхъыфІтэкъым. Аращ Сталиныр лІа иужькІи щІамыгъэзэхуэжари...

Къэбзэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу зэІуищІэхэр щекІуэкІащ. Псом ящхьэу мыбы кьыхэгъэщыпхъэр япэ увыпІэр зыныГа Альтуд и «Искра» гупыр 2:1 бжьыгъэкІэ «Тэрчым» япэу хигъащІэу бжьыпэр зэриубыдарщ. Абы иужькІэ командитІщ зыри зытемыкІыуэ къэнэжыр - тэрчдэсхэмрэ абыхэм ящхьэкІыкІуэ Псынэдахэ и «Родник»-мрэщ. Ар и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм нэхърэ зыкІэ нэхъ мащІэщ зэрыщІэгуар.

Адрей зэІуцІэхэм уахэплъэмэ, гурыІуэгъуащэкъым «Кэнжэм» и джэгукІэр - бжьыгъэшхуэкІэ зытекІуэнури и унэ щыджэгуу хэзыгъэщІэнури къэщІэгъуейщ. Иужь зэІуцІэм 1:0 бжьыгъэкІэ «Малкэр» кьытекІуащ.

«Спартак-Д» ныбжьыщІэ командэр бжьыгъэшхуэкІэ - 6:0-у Псыгуэнсум зэрытекІуам, зэІуцІэ къэс ику иту топищым нэблагъэ хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм зэрыдигъэкІым фІым ущегъэгугъ. Республикэм и командэ пашэм и ныбжьыщІэхэр, топ нэхъыбэ дэгъэкІынымкІэ «Родник»-м и гъэсэу ещанэ увыпІэм щытщ, «Искра»-мрэ «Шагъдиймрэ» яужькІэ.

Щыгъуазэ фхуэзтщІынщ зэІуцІэхэм кьарикІуа бжьыгъэхэм: **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **3:2**, **«Имран»** (Бахъсэн) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей») - **1:5**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) – **«Малкэ»** (Малкэ) - **0:1**, **«ЛогоВАЗ»** - **«Акъбащ»** (Акъбащ) - **2:2**, **«Спартак-Д»** - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **6:0**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Искра»** (Альтуд) - **2:1**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Урыху»** - **2:3**.

ШАФИЙ Аслъэн.

● Футбол

«Тэрчым» бжьыпэр еубыд

Къэбзэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Тэрч»	10	8	2	0	25 – 7	26
2.	«Родник»	9	8	1	0	32 – 8	25
3.	«Искра»	10	8	1	1	35 – 13	25
4.	«Кэнжэ»	11	6	2	3	23 – 19	20
5.	«Спартак-Д»	11	5	2	4	32 – 17	17
6.	«Малкэ»	9	4	3	2	9 – 11	15
7.	«Шагъдий»	11	4	2	5	33 – 27	14
8.	«Шэрджэс»	11	4	1	6	28 – 34	13
9.	«ЛогоВАЗ»	10	3	2	5	14 – 21	11
10.	«Акъбащ»	10	2	4	4	20 – 23	10
11.	«Урыху»	10	2	4	4	17 – 31	10
12.	«Ислъэмей»	9	2	3	4	17 – 25	9
13.	«Имран»	11	2	2	7	17 – 33	8
14.	«Дохъушыкъуей»	11	2	1	8	15 – 29	7
15.	«Псыгуэнсу»	11	1	2	8	14 – 33	5

Дыщэр къыщыщІахми щылъапІэщ

● Щіыуэпс

Гитче-Тырныауз тхыщІэм хуэзэу дыщэ здыщІэлъ щыпІэ къахутауэ щытащ 2020 гъэм. Іэщ Іагъэлі Іэм къызэрагъэлъэгуащІэ, гъущІыкІэ лъапІэу тонн 90-м нэблагъэ абдеж щІэлъщ, «Росгеология» Іуэхущ Іапі эм и Іэтащхьэ Горьков Сергей абы щыгъуэм кьыжигъащІат а илъэсым и къэхутэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэ ар зэрыхъуар.

«СОВЕТ зэманым абдеж апхуэдизу дыщэ гъэтІылъыкІэ щыІэу тщІакъым. Иджы мы Іуэхум ущегъэгугъ Кавказым дыщэ здыщІэлъ нэгъэщІ щыпІэхэри кьыщыхутэну», - жиІат абы.

Иджыблагъэ хэІущІыпІу зэращІамкІэ, Михайлов Б. К. и цІэр зезыхъэ, щыщІагъэ фІыгъуэ кьыщІэхьэщІэм щІэлъхэр кьигъэсэбэпыну хуиту аукционыр кьихьащ «Эльбрусметалл-Золото» Іуэхущ Іапі эм. Лотыр абы кьыІэрихьащ сом мелуан 850-м щІигъукІэ.

КьызэрагъэлъагъэмкІэ, кьахута дыщэ гъэтІылъыпІэр Кавказ Ищхъэрэм зихуэдэ щымыІэщ. Кьащтэмэ, ди щІыпІэхэм щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэм уелэжьыну гугъуэ кьахьыту, зи гугъу ящІыр хьэпшыпІ лъапІэ абыхэм кьахэтхъыныщ. Абы щхьэкІэ чэзэп (кислота) зэмылІэужьыгъуэхэр къэбгъэсэбэпын хуейщ. Апхуэдиз лэжьыгъэ зэрепхьалІэнум абы и кьыщІэгъэкІынри нэхъ лъапІэ ещІ. Ауэ хъугъуэфІыгъуэр мыкууэ мыбдеж щІэлъщи, ар яубруину Іэмал яІэщ, лэжьыгъэм текІуадэри кьилэжьыжьну ябж.

- ЩІым зэманым абдеж апхуэдиз дыщэ гъэтІылъыпІэгъэ щыІэу тщІакъым. Иджы мы Іуэхум ущегъэгугъ Кавказым дыщэ здыщІэлъ нэгъэщІ щыпІэхэри кьыщыхутэну», - жиІат абы.

Иджыблагъэ хэІущІыпІу зэращІамкІэ, Михайлов Б. К. и цІэр зезыхъэ, щыщІагъэ фІыгъуэ кьыщІэхьэщІэм щІэлъхэр кьигъэсэбэпыну хуиту аукционыр кьихьащ «Эльбрусметалл-Золото» Іуэхущ Іапі эм. Лотыр абы кьыІэрихьащ сом мелуан 850-м щІигъукІэ.

КьызэрагъэлъагъэмкІэ, кьахута дыщэ гъэтІылъыпІэр Кавказ Ищхъэрэм зихуэдэ щымыІэщ. Кьащтэмэ, ди щІыпІэхэм щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэм уелэжьыну гугъуэ кьахьыту, зи гугъу ящІыр хьэпшыпІ лъапІэ абыхэм кьахэтхъыныщ. Абы щхьэкІэ чэзэп (кислота) зэмылІэужьыгъуэхэр къэбгъэсэбэпын хуейщ. Апхуэдиз лэжьыгъэ зэрепхьалІэнум абы и кьыщІэгъэкІынри нэхъ лъапІэ ещІ. Ауэ хъугъуэфІыгъуэр мыкууэ мыбдеж щІэлъщи, ар яубруину Іэмал яІэщ, лэжьыгъэм текІуадэри кьилэжьыжьну ябж.

- ЩІым зэманым абдеж апхуэдиз дыщэ гъэтІылъыпІэгъэ щыІэу тщІакъым. Иджы мы Іуэхум ущегъэгугъ Кавказым дыщэ здыщІэлъ нэгъэщІ щыпІэхэри кьыщыхутэну», - жиІат абы.

- Щ Іым зэманыдэдиз фІыгъуэ щІэлъу, абы щыгъуэми тыншу кьыщІэпхьфІыну щыту, иужьрей илъэс 20 - 30-м Урысейм дыщрихьэлІатэкъым. ХъугъуэфІыгъуэр здыщІэлъ щыпІэм фІагъ куэд бгъэдэлъщ. А щІыпІэм гъэугъэр, электрокъарур, псыр йоКІуалІэ икІи щІым щІэлъхэр кьыщІэнтхьыным гугъуэхь пылъкъым е технологие лъапІэ гъэрхэр къэбгъэсэбэпын хуейкъым. Абы икъуэкІ мыкъэнэшхэу иІэщ, - кьыжеГэщ «Росгеология» Іуэхущ Іапі эм и Кавказ Ищхъэрэ зэгухьэныгъэм и геолог нэхъыщхьэ Туаев Олег.

Мы Іуэхущ Іапі эм кьыщэрипщІатмкІэ, хъугъуэфІыгъуэм кьихьыну хэхъуэр сом меларди 3-м нэблэгъэнущ, Іуэхум халъхьар кьыщэрилэжьыжьну илъэс бжьыгъэ 7-м щхьэдэхьнукъым.

Дыщэм кьищынэмыщІа, абдеж иджыри щІэлъщ дыжьыну тонн 200-м щІигъу, вольфрамэу тонн мин 11-м нэблагъэ, молибденэу тонн мин 26-рэ.

Щ Іыщ Іагъ фІыгъуэм елэжьыну аукционыр къэзыхьа «Эльбрусметалл-Золото» Іуэхущ Іапі эр 2022 гъэм и фокІадзэм къэнэжауэ икІи ар зейр «Эльбрус бгы руда комбинат» ООО-рщ. Ар езыр кьыззэгъэпэщыжар «Ростех» къэрал зэгухьэныгъэщ. Абы кьыхэкІыу Тырныауз къыщыщІахыну щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэм, дыщэм, вольфрам-молибден гъэтІылъыпІэхэри и гъэсэу, елэжьыну кьэрал Іуэхущ Іапі эм ящІ. Зи гугъу тщІы хъугъуэфІыгъуэхэр зыщІэпІэ щІыпІэхэр зэпэгъэнэгъуэн, мыгувэу я мурадщ абдеж промышленнэ Іуэхущ Іапі э кьыщыззрагъэпэщыну.

Къэбгъэльагъуэмэ, а щІыпІэм дыщэ кьызэрыщагъуэтар и фІыгъэу къэплъытэ хъуну кьыщІэкІынщ вольфрамрэ молибденрэ кьалъыхъуэу ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм. Иужьрейхэр Іуащхьэмахуэ лъапІэ япэ дыдэу ящІыгъуэу щытащ 1934 гъэм. 1940 гъэм комбинатым лэжьэн щІидзат. Абы щагъэщІ Герхожан къуажэри кьыщыІэнэхуар, иужькІэ Тырныауз кьалэ хъужар. ЩІым щІэльу кьаГэуэтам елэжьыну, геологэм Іэгъуэблагъэм къэхутэныгъэхэр нэхъ жыджэру щрагъэкІуэкІырт, арщхьэкІэ вольфрамрэ молибденкІэ кьулейуэ нэгъэщІ щыпІэхэм щрихьэлІатькъым - языныкъуэхэм деж щІэнэгъэлІэхэм дыщэ кьыщагъэтащ.

1950 - 1960 гъэхэм къэхутэныгъэхэм кьрикІуэхэр зэхалъхьэжри, Тырныауз пэмыжьжьэу щІыпІи 4 ягъэбелджылащ, гъущІыкІэ лъапІэхэр нэхъ щІэтыпынкІэ хъуну хуагъэфащэу. 1980 гъэхэм дыщэм нэхъ тегъэчыныхьауэ лъыхъэн щІадзащ. 2015 гъэм ГъущІыкІэ лъапІэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт нэхъыщхьэм пщІий (руда) тонн 217-рэ кьыщапщІытэри, дэфтэрэкІэ ароэзы щытехьужат. ИльэситІ дэкІри, Гитче-Тырныауз деж щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр кьыщыпщытэным сом мелуан 360-рэ трагъэкІуэдащ.

Туаев Олег кьызэригъэльагъуэмкІэ, Урысейм дыщэ нэхъыбэу здыщІэлъ и щІыпІэхэр кьэралым адрей и Гъунапкъэ нэхъ жьыжьэ дыдэхэмкІэ щыІэщ: Магадан, Иркутск, Якутие щІыналъэхэм. Урысей Федерацэм и европей лъэныкъуэмкІэ, псом хуэмыдэу Кавказ Ищхъэрэм дежкІэ, Кэбэрдей-Балъкъэрым кьыщагъэтэ фІыгъуэхэр абрагъуэу кьалъытэ.

Хэт ищІэрэ, къэкІуэну зэманым Тырныауз деж мывэ лъапІэхэм щелэжь фабрикэ кьыщызІуахынри хэлъ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зыгъэпсэхугъуэхэр зэхуэдэкъым

● Фщіэн папщІэ

НаІуэу зэрыщытщи, къэралым и нэІэ зытет Іуэхущ Іапі эм щылажьэ дэтхэнэми зыгъэпсэхугъуэ мазэ ират, и улахуэри къыхуэнэжу. Арщхьэкіэ куэдыр щыгъуазэкъым а зыгъэпсэхугъуэхэри зэрызэхуэмыдэм. Абы къыхэкІыу яІэрыхьэ улахуэхэри зэщхьэщокІ. Сыт апхуэдэу щыщытыр?

ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ къызэрыдгурагъэІуамкІэ, зыгъэпсэхугъуэ мазэм хуагъазэ ахъшэр зэлъытар абы лэжьэгъуэ махуэу зэхэтыр зыхуэдизырщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, мы гъэм и щІышылэм щІыхуэр зэрылэжьар махуэ 17 кІудейщ. Абы къыхэкІыу илъэсыщІэ махуэхэм зи зыгъэпсэхугъуэ пІалъэр щІызыгъуэхэм яІэрыльхар нэхъ мащІэщ. Арщхьэкіэ зыщщхьэуІу дызыхуэкІуэм щІхуэхэр лэжьэнущ махуэ 23-кІэ. Абы къыхэкІыу а мазэм зыгъэпсэхуакІуэ кІуэхэм нэхъыбэ яІэрыхьэнущ. Апхуэдэу ахъшэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ кхъэзгъэ жэпуэгъуэм зыгъэпсэхуакІуэ укІуэнри. Абы лэжьэгъуэ махуэ 22-рэ хеубыдэ. Бадзэуэгъуэм, фокІадзэм, щэкІуэгъуэм, дыгъэгъазэм ящыщу дэтхэнэми лэжьэгъуэ махуэ 21-рэ яхуоз. Илъэс къэс ахъшэ и лъэныкъуэкІэ зыгъэпсэхуакІуэ укІуэну нэхъ къыщемызэгъыр мазаемрэ накъыгъэмрэщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ахъ

ЗэуапІэм Іумытахэм зэрахьа лІыгъэр

● Щэнхабзэ

Санкт-Петербург и Мариинскэ театрым япэу щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, ГИТИС-р къэзыуха, Санкт-Петербург сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ папщІэ щыІэ къэрал филармониемрежиссёр нэхъыщхьэ Къалэ Мурат и лэжьыгъэ. Театрелпъхэм ягу ирихьащ ди хэкуэгъу щІалэм игъэува, Чайковский Александр и «Рубеж» оперэ-поэмэр. Ленинград блокадэр илъэс 80 зэрырикъум ирихьлІэу зэфІагъэкІа лэжьыгъэр теухуащ зэуапІэм Іумыта щыхубзхэм, жьы хьуахэм, сабийхэм ди ТекІуэныгъэм хуащІа хэлъхьэныгъэм.

ГОЛИКОВ Михаил зи художественнэ унафэщІ, Санкт-Петербург и къэрал филармоние сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ папщІэ щыІэ симфоние оркестрым и балетыр, опер труппэхэм я артистхэр хэтащ лэжьыгъэм.

Къалэ Мурат зэрыжиІэмкІэ, Хэку зауэшхэм хиубыда бзылъхугъэхэм, нэхъыжьхэм, сабийхэм я ГъащІэм щыщ тепльэгъуэхэр театрыбзэм кьибгъэзагъэу цІыхубэм я пащхьэ ипхьэнхэр щІэщыгъуэт.

- ЦІыхубэм Хэкум хуаІа лъагъунытгъэр, цІыхухэм яку дэлъа зэхущытыкІэхэр къыщыдгъэлъэгъуащ ди лэжьыгъэм, - жиІэ Къалэ Мурат. - Си щхьэкІэ адэшхэ-анэшхэм сыщІапІыкІащ Хэку зауэшхэм и тхьдэм. Оперэм сеплъыхьи ахэр си нэгу къыщІегъэхьэж, си нэпс къриГъакІуэу. Си лэжьыгъэм цІыхухэрщ щынэхъыщхьэр. Псори зыщыгъуазэ, куэдым ягъэгунэгу Іэхум и гугъу тщІыурэ, цІыхухэм хьакІуэ гъащІэ гъуэгуанэр, абыхэм ятелъа хьэзабыр къэдгъэлъэгъуэжащ.

Лэжьыгъэр теухуащ фашист зэрыпхъэкІуэхэм къыдувыхьа Тихвин къалэр бийм къызэрыІэщІэхьжам. Оперэм тегъэщІапІэ хуэхъуащ 1941 гъэм и щымахуэм къэхъуа Іэхум. Къалэр махуэ 872-кІэ бийм иІыгъащ. Оперэм и либреттэм лІэджьэр хуэхъуащ тхыдэ дэфтэрхэр, Ленинград къыщадувыхьа зэманым а къалэм щыпсэуа цІыхухэм я гъащІэр. Сэлэтхэр зауэм щыІэху, мыдэкІэ къэна цІыхухэр лэжьащ, бийм зэрыпэщІэтыну щытІхэр, быдапІэхэр яухуэу. Уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гугъущ. Іэпщэ къауркІэ абыхэм яхуэзэфІэкІар.

Роль нэхъыщхьэр зыгъэзэщІа Тихоновэ Пелагея жиІэ апхуэдэ зэман гущІэгъуншэ хэпсэуклІми, зи роль игъэзащІэ бзылъхугъэм нэхугъэр лъагъунытыгъэрэ зэрыщыІэр цІыхубэм зэраригъэлъагъуфыр.

- Санкт-Петербург щыпсэу псоми я унагъуэхэм Хэку зауэшхэм ехьэлІа тхыдэ хьыбархэр, гукъэкІыжхэр кьыддокІуэкІ. ДызэрыщыкІурэ ар ди лъым хэту дыкъэтэджащи, ролыр щызгъэзащІэм зыри лейуэ къэгупсысини хуей хьакъым, - жиІэ Тихоновэ Пелагея. - Пэж дыдэу, цІыхубэм лІыхъжьыгъэ зэрахьащ. Сэ щІэх-щІэхыурэ сызэупщІыжырт: «Сэ схуэзфІэкІыну пІэрэт ар?» - жысІэу.

Лэжьыгъэм артист 80-м щІигъу хэтщ, 40 гъэхэм щыІа фэмлъэгъуэхэрщ абыхэм ящыгъыр. Оперэм щІэлъ макъамэм гулъытэ ин хуащІащ. АбыкІэ кьагъэлъагъэжащ Хэку зауэшхэм кьиша гуэзвэгъэр, ар щиухам цІыхубэм яІа гуфІэгъуэри.

- Псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм яхуэгъэзащ мы лэжьыгъэр, тхыдэр ящІэн, ТекІуэныгъэр кьытхуэзыхьа цІыху кьызэрыгуэкІэм зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ зыщамыгъэгъупщэн, абыхэм иригушхуэн папщІэ, - жиІэ Къалэм.

И хэку цІыкІум теухуауэ абы жиІэ:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и артистхэм пыщІэныгъэ яхузиІэщ, сыкъыщалъхуа щІыналъэм кьыщыхъуэкьыщыщІэхэм сыкІэлъоплІ. Республикэм лэжьыгъэ нэхъыфІэр щыгъэлъэгъуэн хуейуэ кьызолъытэ. Москва сыщыпсэуми сыщылажьэми, ар куэд щІауэ си хьуэпсапІэщ.

Музыкэ теухуа и режиссёр ІэщІагъэр 2012 гъэм ГИТИС-м щызэзыгъэгъуэта Къалэ Мурат нэхъапэуэкІэ къехьулІа лэжьыгъэхэм ящыщщ Монтеверди Клаудио и «Коронация Поппеи», Гоголь Николай и «Вий», Ануй Жан и «Оркестр», Шварц Евгений и «Драконъ», Чуковский Корней и «Муха-Цокотуха», «Айболит» спектаклхэр, нэгъэщІ макъамэ-усыгъэ теплъэгъуэхэмрэ шоу-концертхэмрэ. «Пушкин. Рок. Любовь» мюзиклыр, «Щелкунчик» балетыр, «Тараканище», «Путаница», «Щелкунчик и Мышиный король» лэжьыгъэхэр мыгувэу яГъэлъэгъуэнущ. Театр гъуэзджэмкІэ 4DRAMA мастерскойр кьызэзыгъэпэщІари абы и художественнэ унафэщІри Къалэ Муратщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Яп увыпІэхэр «Хабзэм» ейщ

Лазаревск щІыналъэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Кубанский казачьи» фІэщыгъэм щІэт урысейпсо фестиваль. ЦІыхубэ Іэужьыр щагъэлъапІэ зэхыхьэм ныбжь зэхуэмыдэм ит гупхэр хэтащ. Абыхэм уздыхэпльэм нэрылъагъут лъэпкъ Іэужьыр зэрымыкІуэдыжыр, кьинэмыщІауэ, фестивалым ди къэралым ис лъэпкъхэр нэхъ гъунэгъуу зэрыщІыхуну Іэмал зэраритыр.

КРАСНОДАР щІыналъэм щэнхабзэмкІэ и министрым къыбгъэдэкІыу а зэхыхьэм къыщыпсэлъащ министерствэм и лэжьакІуэ Степановэ Иринэ.

- Мазлумян Крикор и цІэр зэрихьэу Лазаревск щІыналъэм щыІэ, лъэпкъ щэнхабзэхэмкІэ Іэхуащ Іапі эм илъэс кьэс Іуэрыіуатэм и махуэшхуэм щызэхуеІэсу ди къэралым и щІыпІэ куэдым кьыкІа хьащІэхэр. Мы гъэм зауэ ІуэхугъуитІ догъэлапІэ - фестивалыр зэрыгаГъажьэр илъэс 25-рэ зэрыхьур, ар кьызэзыгъэпэща Захарченко Виктор и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур. Урысейм и хэгъэгу 15-м кьыкІащ Захарченкэ Виктор ехьэхъуну, я зэфІэкІ дахэхэр абы тыгъэ хуащІыну. Ар гуапэщ! Гупхэм фызыхуэарэзыжу зыкъэзгъэлъэгъуэну, Виктор Гаврилович иджыри куэдрэ тхуэуэунышэну сыныеохъуэхъу, - зи хуигъэзащ абы кьызэхуэсахэм.

А зэхыхьэм гупхэр щызэпеуащ къафэхэмкІэ, уэрэд жыІэныкІэ. Ди къэралым и щІыпІэ куэдым икІаеу зэпеуэм цІыху 600-м щІигъу хэтащ. ТхьэмахуэкІэ екІуэкІа фестивалым махуэ къэс щагъэлъэгъуа концертхэм яфІэгъэщІэгъуну куэд епльащ.

Абы ныбжьыщІэхэр зэрыщызэпеуам и мызакъуэу, къафэгъуэзджэм и Іэщ Іагъэлілхэм, артистхэм, цІыхубэ ансамблхэм я унафэщІхэм Іуагъэщ Іащ.

Іэужьгъуэ, макъамэ, макъ дахэхэмкІэ гъэнщІат фестивалыр. Ди къэралым и щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэпльэ дотхэнэми абы и беягъыр илъагъурт.

Гъэщ Іэгъуэнщ пасэм макъамэ зэрагъэІуу щыта Іэмэпсымэхэр. Абыхэм ящыщ куэд нобэми кьызэрагъэсэбэпри фестивалым хэтахэм яГъэльэгъуащ.

Къэпщытакіуэ гупым я тхьэмадэр Урысейм и цІыхубэ артист, Лжьыгъэм и ЛІыхъужь, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ эыхуагъэфэща Захарченко Викторт. Къэпщытакіуэхэм яхэтащ гъэзджэм и дунейм щыцІэрыІуэху Тонин Игорь, Плоом Антон, Котельниковэ Маринэ, Жигановэ Светланэ, Князьков Геннадий, Кабельков Андрей, Лизвинская Марие, Пятков Артём сымэ.

А зэпеуэм кьыщыхэжанькІащ щапхъэ зытрах «Хабзэ» (Бахьсэн щІыналъэ) ансамблыр. Абыхэм яГъэзэщІащ «Къафэ», «Абхъаз къафэ», «Лъапэрисэ» къафэхэр. «Убых къафэр» абыхэм Гала-концертым щагъэлъэгъуащ. Гупым и художественнэ унафэщІыр Джэшей Албэчщ.

Фестивалым хэту абдеж щекІуэкІащ «Алые паруса» зэпеуэри. Абы щытраха видеонэтынхэр Москва ирагъэхьри, къэпщытакІуэхэр ирагъэплъати, «Хабзэ» гупым яГъэзэщІа къафиплІым папщІэ яп увыпІиплІыр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу Гран-при саугъэтри мыбыхэм кьратащ.

Зэхьхьэм и кІэух Іыхьэм къыщыпсэпъащ Краснодар щІыналъэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Миланко Юрий**.

- Мыпхуэдэ щэнхабзэращ иджырей дунейм ІыбжьыбІэ быдэ хуэхъу, дыкъызыхэкІар тщызымыгъэгъупщэр. Илъэс 25-рэ хъуауэ «Кубанский казачок» фестивалым нэхъ лъапІэ дыдэу диІэ Іэужьыр ехъумэ, ирегъэфІакІуэ. Апхуэдэу мы зэхьхьэм хэт гупхэм Іэмал яІэщ я зэфІэкІ кьызыкъуахьиу, Краснодар щІыналъэм щыпсэухэмрэ хьэщІэу кьеблэгъахэмрэ щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуэхэм нэІуасэ хуащІыну. Мы зэхьхьэм гъэщІэгъуэныщ куэд щытпъэгъуащ. ФІыщІэ ин яхудощ кьытхуеблэгъа псоми, щхьэж кьызыхэкІа лъэпкъым и Іэужьыр апхуэдэу дахэу зэрахъумэм, абы нэгъуэщІхэр нэІуасэ зэрыхуащІым папщІэ.

ФІэщыгъэ екІу зиІэ гуп дахэм я екъулІэныгъэмкІэ дохьэхъу. ЕфІакІуэ, лъэпкъым и цІэр яІэту куэдрэ утыкушхуэ-жэр яГъэбжьыфІэну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Зы лъэпкъ и тхыдэ лъагъуэ

● ТхылъыщІэ

Иджыблагъэ тхылъ гъэщІагъэн кьысІэщІыкьащ Хьэщ1элІ Харитон и Іэдакъэщ1экІыу. «По тропам истории. Род Хачетловых с. Хатуей» эи фІэщыгъэ тхыдэдэфтэрэ лэжьыгъэшхуэр напэкІуэцІ бгъущІ мэхъу, езым и тебзэр тхылъымпІэ Іув цІум кьыхэщІыкІауэ теплъафІэщ. КьызыхэкІа лъэпкъ закъуэм и тхыдэ лъагъуэр щІэзыпщытыкІ Іэдакъэщ1экІыу пхужьыкІым мыр, адыгэм и тхыдэр абы кьыгуихьыркъыми, Іуданэ псы-гъуэ цІыкІуу пхышащ.

МОСКВА дэт Лесотехникэ институтыр къиухыу Старэ Лэскэн щыІа мэзхъумэ Іэнатіэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа Харитон тхыдэ лэжьыгъэм зэрызэрипщытам гъэщІэгъуэн хэлъу езым кьиІыытэркъым. «Зыри зыщІымыгъуазэ кьызэІузыхьэр, кьэхутэныгъэ гъэщІэгъуэнхэр зи Іэрыкіыр тхыдэджэзэракъым, атІэ цІыхубэм я натІэ кІуриКІуар кьызыфІэІуэху цІыху кьызэрыгуэкІэрщ. Ялпэхэм дежкІэ ар лэжьыгъэ кьудеймэ, етІуанэхэм я дежкІэ - я гъащІэ Іуэхущ», - жиІэ Харитон, езыри абыхэм зэращыщыр и псалъэхэм наІуэ ящІу. Ар илъэс 60-кІэ телэжьащ кьызыхэкІам и кьуэпсыр къэтІэщІыным, дэтхэнэ зы лъэпкъми хуэдэу, Хьэщ1элІхэ ейми хэлъ щэхуэхэр сэтей къэщІыным. Абы гъэнэиль хуэхъуар, Москва щеджэу, и гъуэ студентхэр адыгэ лъэпкъым ехьэлІауэ зыщІэупщІэхэм я жэуап нэсу зэрыхуемытырт. «А илъэс-хэм хъыбар гуэр щэбгъуэтыну гугъут, - жиІэ Хьэщ1элІым. - 1956 гъэм ягъуэ сыкІуащ Лениным и библиотекэ Москва дэтым. Аращ Нэгумэ Шорэ и «История адыгейского народа» тхылъыр япэу кьыщыкІэщІыхьауэ щытар. СыкъызыкІам нэхъкууэгупсысым щыщІэздзар а лэжьыгъэр щІэзджьыкІа иужьщ».

Хьэщ1элІ («хьэщІэ», «лІы») лъэпкъыр кьызэрыунэхуар, илъэс 235-м (1778 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2013 гъэ хъуху) кьриубыдэу абы игъуэта зыужьыныгъэр нэгъэсауэ кьыщыгъэлъэгъуащ Харитон и тхылъым. Абы ихуащ сурэту 1200-рэ, ягъ ІакъэкІуащ щыпсэуахэм яйхэм щыщ къэтми, 4-8-нэхэм я сурэтхэр зэрыщыту итщ. УнэщІэм и псынащхьэр кьыщилъыхьэм Хьэщ1элІыр кІуат Адыгейм икІи тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор Афэсэкъ Тыркубий хуэзащ. Абы кьыхуиІуэтэжащ «Хьэщ1элІ» псалъэр кьыздикІам и хъыбарыр, ауэ ар кІыхьщи, зыфІэгъэщІэгъунэхэм езы тхылъым кьыщагъэуэтынущ.

Адыгейм къиІэпхъыкІа Хьэщ1элІ зэкъуэшхуэ Хьусин, Уэсмэн, Инус, Нэгъуей сымэ къатепщІыкІа лІакъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм, Тырку щыщІыпсэур гупсэхуэ зэхигъэкІащ икІи ар щитхьажащ Харитон и тхылъым. Илъэс куэдкІэ ар щылэжьащ Адыгейм, Осетие Ищхьэрэ - Аланиим, ди республикэм, Краснодар крайм я дэфтэр хьэмалІэхэм, цІыху Іэджэм яхуэзащ я Іэху епльыкІэ зиригъащІу.

- Адыгейм тхуэ сыкІуащ. Илъэс 15 ипэкІэ сыкІуэри, ди нэхъыжьыкьэр щыпсэуа щІыпІэм Хьэщ1элІ щІэпльыкІ папщІэ жыг щыхэссащ. Ди лъэпкъым я щІэблэ Тыркум кьыщызгъуэтауэ дызэрощІэ, - жиІэ Харитон.

КьызыхэкІа лъэпкъыр фІыуэ зымыльагъурэ ар зымыгъэльапІэрэ щыІэу кьыщІэкІынкъым. АтІэми лъэпкъым я лейуэ Хьэщ1элІхэ зэрыгушхуэ, ди республикэм и щІэныгъэ хьугъуэфІыгъуэр езыгъэфІэкІуа Іэщ Іагъэлілхэр кьахэкІащ. Апхуэдэхэщ министрхэр, КПСС-м и район кьалэ комитетхэм я секретархэр, Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэр, дзэ къулыкъум и офицер нэхъыжьхэр, дохутырхэр, щІэныгъэхэмкІэ кандидатхэмрэ докторхэмрэ, профессорхэр, пщІэ зыхуащІ лэжьакІуэшхуэхэр.

«Происхождение адыгов и основные вехи истории народа», «Материальная культура адыгов (черкесов)» зыфІища Іыхьэхэр гъэщІэгъэнщІ. Абыхэм Харитон хигъэхьащ и кьэлыхьэуэныгъэ лэжьыгъэр щІэныгъэкІуэкІым зрихьэлІа Іуэху гъэщІэгъэнэхэр, тхыдэ, политикэ, щІэлэкІэ-псэукІэ и лъэныкъэкІэ иІэ Іув кьыхэщІыкІауэ щІэныгъэхэр. АдэкІэ кьакІуэ Іыхьэхэр зытриихуэри узыІэпІэзышэщ: шэрджэхэм зэгуэр кьадзэгъэгурыкІуэ Іэщ Іхэр, кьызэрыгуэкІ сэм кьыщыщІэдзауэ кьамэ лІэужьыгъуэхэм я деж щыщІэкІыжу, адыгэшым, абы кІэлъызэрахьэу щыта хьэпшыпхэм я цІэхэр, а псэущхьэм теухуауэ тхыдэ щІэныгъэлІэхэм зэгуэр жаІахэри щыгъуэжу.

Ди тхыгъэ кІэщІым кьыщыхэдгъэщ ащхэм щІыбгъуж хьунур зыщ: куэд мыщІэу дыпэплъэ хьунущ Харитон и етІуанэ тхылъым.

- Тхыгъэ, хьыбар куэдыщэ зэрызэІэм кьыхэкІыу поти мы зы тхылъым схуигъэзэгъакІуэ, - жиІэ Харитон. - Кьызэрызэгъэщащи, «По тропам истории. Род Хачетловых с. Хатуей» тхылъыр зытеухуар а кьуажэр ІыпсыпІэ зыхуэхъуа зэкъуэшитІым, Хьусинрэ Уэсмэнрэ, кьатепщІыкІаращ. ЕтІуанэ тхылъым итынущ Щхьэлыкъуэ Іэпхъуауэ щыта Нэгъуей, Урыку дэсхэм псыпэ яхуэхъуа Инус, а кьуажэм иІэпхъыкІыу Тыркум кІуа Хьэщ1элІ Индирсрэ Хьэсэнрэ я щІэблэм теухуа тхыгъэхэр. Ахэр, кьэна щІагъуэ щымыІэу, зыхуей хуэзгъэзакІэщ. Си кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ щыр кьыдзэхуІуэрэ Іыхьэ щІыпІэм Хьэщ1элІ Іыхьэхэм папщІэ жыг щыхэссащ. Ди лъэпкъым я щІэблэ Тыркум кьыщызгъуэтауэ дызэрощІэ, - жиІэ Харитон.

- Адыгейм ІыпсыпІэ щыщІыхэдгъэщ ащхэм щІыбгъуж хьунур зыщ: куэд мыщІэу дыпэплъэ хьунущ Харитон и етІуанэ тхылъым.

- Тхыгъэ, хьыбар куэдыщэ зэрызэІэм кьыхэкІыу поти мы зы тхылъым схуигъэзэгъакІуэ, - жиІэ Харитон. - Кьызэрызэгъэщащи, «По тропам истории. Род Хачетловых с. Хатуей» тхылъыр зытеухуар а кьуажэр ІыпсыпІэ зыхуэхъуа Инус, а кьуажэм иІэпхъыкІыу Тыркум кІуа Хьэщ1элІ Индирсрэ Хьэсэнрэ я щІэблэм теухуа тхыгъэхэр. Ахэр, кьэна щІагъуэ щымыІэу, зыхуей хуэзгъэзакІэщ. Си кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ щыр кьыдзэхуІуэрэ Іыхьэ щІыпІэм Хьэщ1элІ Іыхьэхэм папщІэ жыг щыхэссащ. Ди лъэпкъым я щІэблэ Тыркум кьыщызгъуэтауэ дызэрощІэ, - жиІэ Харитон.

ИСТЭПАН Залинэ.

● МафІэсым фыхуэсакъ

Дэтхэнэми елъытащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и унафэкІэ 2023 гъэм республикэм и щІыналъэм бадзэуэгъэдзэу и 1-м кьыщыщІэдзауэ фокІадзэм и 15 пщІондэ мафІэс къэмыгъэхъуным ткІийуэ щыкІэлъыплъынущ.

МЭКЪУМЭШ щащІэ щІыхэм, апхуэдэу мэзхэм егъэщІылІа щІыпІэхэм мафІэ щащІ, кІэрыхубжьэрыхухэр, удз гъуахэр, ежьужьхэр щагъэс зэкІуэкъым. А хабзэм ебакъуэкэр адміністративнэ, уголовнэ жэуапым ирашэлІэнущ.

ЩІыпІэ унафэщІхэм пщэрылъ щащІащ мафІэс шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщыным хуэунэтІа Іэхуэхэр зэфІэхьну. Къэдгъэлъэгъуа пІалъэм кьрибыдэу мафІэс шынагъуэншагъэм и хабзэхэм кьагъэувкэр зымыгъэзащІэхэм етхьэкъунущ мыпхуэдэ щІыкІэкІэ:

- цІыхухэм административнэ кьуэдыуэ тралъхьэнущ сом мини 10-м кьыщыщІэдзауэ мин 20-м нэс; кьулыкъущІэхэм сом мин 30-м кьыщыщІэдзауэ мин 60-м нэс; уней хьэрыНэтІщэхэм сом мин 60-м кьыщыщІэдзауэ мин 80-м нэс; юридическэ лицохэм сом мин 400-м щегъэжьауэ мин 800-м нэс.

Ялэжьа къуанщагъэр хьэлэлъэу щытмэ, уголовнэ жэуап ихьынущ Урысей Федерацэм и хабзэм ипкъ иткІэ.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, Урысей МЧС-м спутник ІэмэпсымэхэмкІэ жэщи махуи кьехутэ мафІэс кьыщыхъункІэ шынагъуэ здэщыІэ щІыпІэхэр, абы ди республикэм и щІыналъэри хьыхьу.

- МафІэр Іэубыдыпіэнщэщ. Абы упалъэщыну егъэлеяуэ гугъущ. Псом нэхърэ нэхъ тэмэмыр мафІэс къэмыгъэхъуным теухуауэ къащта хабзэр гъэзэщІэныр. Абы ди мылькъри ди гъащІэри ихъумэнущ, - кьэт Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Сабийхэр шынагъуэншагъэм хуащІ

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабий санаторэхэм зыщыщІэзыгъэпсэху сабийхэм драгьэкІуэкІащ гъуэгум зэрыщыІэкІуэ хабзэхэм, ахэр гъэзэщІэным хуэзыщий зэІущІэхэр.

НАЛЩЫК и курорт щыпІэм щыІэщ сабий зыгъэпсэхупІэ, турист базэ куэд, Урысейм и дэнэ щІыналъи къикІа ныбжьыщІэ минхэм я зыщагъэпсэхуу. Абыхэм я щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр я къалэн нэхъыщхьэхэм ящІ абы пыщІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Кавказ», «Целебные воды» зыгъэпсэхупІэхэм Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэм, балигъ мыхъуахэм я ІуэхугъэмкІэ инспекторхэм, Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ и Управленэм полицэм и плъыр-пост кьулыкъум и лэжьакІуэхэм, МЧС-мрэ мафІэсым пэщІэт-къегъэлакІуэ частымрэ я Іэщ Іагъэлілхэр ящІыгъуу, кьызэрагъэпэщащ Іуэгум шынагъуэншэу щыІэ щІэзэкІуэным щытепсэлъыхьа Іэ зэрыщІэкІэр. Абыхэм къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэм сабийхэм щыгурагъэІуащ Іуэгу дамыгъэхэмрэ светофорхэмрэ я мыхьэнэр, гу лърагъэтащ лъэсырыкІуэхэри лъакъуэрыгъажэм тесэхэри Іуэгум зэрызэпрыкІыпхъэм и хабзэхэр. НыбжьыщІэхэм ирагъэлъэгъуащ Іуэгум щыпльар хабзэхъумэхэм я машинэр. Инспекторхэм ягъэлъэгъуащ светофорыр щымылажьэм дежь абы и къалэнхэр зыгъэзащІэ цІыхум и Іэхэр зэрищІымрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ.

МЧС-м и лэжьакІуэхэр ныбжьыщІэхэм епсэлъащ гъащІэ узынщэм хуауащІуэ, зыщагъэпсэху щыпІэхэм щысакъыпи зэрыхуейр жраІэу. Абыхэм гурагъэІуащ мафІэсхэр нэхъыбэу къэзышэ щхьэусыгъуэхэр, мафІэм уриджэгныр зэрышынагъуэр, мафІэс кьэхъумэ, МЧС-р телефонымкІэ кьызэребджэнур. Сабийхэм ягу кьагъэІуащ шынагъуэ кьэхъумэ ящІапхъэхэр, мафІэсыр гъэункІыфІынымкІэ Іэмэпсымэхэмрэ ахэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ ирагъэщІащ.

МафІэс-къегъэлакІуэ частым и лэжьакІуэхэм зыгъэпсэхухэм ирагъэлъэгъуащ фэбжь зыгъуэтахэм зэрадзэпкъыну щыкІэр. ТренажёрымкІэ ирагъэлъэгъуащ гур къэувыІамэ зэрырагъажьэж щыкІэр, лъы кьижмэ кьызэрагъэувыІэр, цІыхур кьегъэзыным ехьэлІауэ нэгъуэщІу зэфІэхыпхъэхэр.

Сабийхэм гукъинэж ящыхьуа куэд яІэгугъащ, нэхъыщхьэращи, сэбэп кьахуэхъунухэри мымащІэу зрагъэщІащ.

БАХЪСЭН Ланэ.



Гулъытэ къыхуащІу

КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и органхэм я ветеранхэм я щІыналъэ жылагъуэ зэгуфыкІыным и тхьэмадэ Пыхъ МуІэед Ветеранхэм я урысей советым и дипломыр къратащ.

ВЕТЕРАН зэщІэхъееныгъэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэ купщІафІэм, кьулыкъым кьыхэкІыжа нэхъыжьхэм псэуныгъэ и лъэныкъэкІэ жыджэру зэрызащІигъакъуэм кьыхэкІыу, Пыхъ МуІэед Музарифэ и къуэм кьыхуагъэфэщащ къэрал кІуэцІ кьулыкъум и генерал-полковник Шилов Иван и цІкІэ ягъэува саугъэтым и лауреатым и дипломыр. Илъэс зыкъом хьуауэ Пыхъыр КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и органхэм я ветеранхэм и щІыналъэ жылагъуэ зэгуфыкІыным и унафэщІщ, езыр милицэм и полковникым нэсыу хабзэхъумэхэм я лэжьыгъэ мытынышм пэрытащ.

Дамыгъэ лъапІэр щиритым, кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий жиІащ:

- ФІыщІэшхуэ пхудощ уэ хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм, ди лэжьакІуэщІэхэм, кьытщІэхъуэ щІэблэм егъэщІылІауэ зэфІэбгъэкІ лэжьыгъэм папщІэ. Уэрэ узиунафэщІ зэгухьэныгъэмрэ я фІыгъэкІэ хабзэхъумэхэм зыдэплъеин яІэщ. Уи мурад псори кьоХъуІэну ди гуапэщ.

УАРДЭ Женя.

Ильэси 6-кІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэмэ щІыІэ МВД-мрэ я лэжьакІуэхэм экономикэ щІэпхъаджагъэхэм пэщІэтынымкІэ Іуэхуэр щрагъэкІуэкІым, кьыщІагъащІэ пылъу щІыуэпс газыр зэрадыгъур.

Уголовнэ Іуэхуэр кьаІэтащ, УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм и «б», «в» пунктхэм кьыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ ягъэкъуэншэу. Апхуэдэу хабзэм ебэкъуар илъэси 6-кІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

УнафэщІ-редактор ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, Щхьэщэмыщ І Иэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэдэжныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; эдэхэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхуэщ І ІапІэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.576
Заказыр №1497
12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытккъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Инна** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.